

Pa Kite Marengwen Mòde w (Etazini)



Tout marengwen pa menm. Diferan marengwen simaye diferan viris epi yo mòde diferan lè nan jounen an.

Kalite Marengwen

Viris yo Simaye

Lè yo mòde.



Aedes aegypti,
Aedes albopictus

Chikoungounya,
Lafyèv Deng, Zika

Plis pandan lajounen, men
yo kapab mòde pandan
lanwit tou



Espès Kilèks (*Culex*)

Nil Oksidantal (West Nile)

Aswè jiska maten

Pa kite marengwen mòde ou menm ak fanmi ou

Itilize pwodwi pou pouse marengwen

Itilize yon pwodwi pou pouse marengwen ki anrejistre nan Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal [Environmental Protection Agency (EPA)] epi ki gen youn nan engredyan aktif sa yo ladan. Lè nou itilize yo jan yo di nou a, pwodwi kont marengwen ki anrejistre nan EPA yo sennesòf ak efikas, menm pou fanm ki ansent ak sa k ap bay tete.

Engredyan aktif

Lè pousantaj engredyan aktif la pi wo,
pwoteksyon an dire plis tan

DEET

Picaridin, ki rele tou **KBR 3023**,
Bayrepel, ak **icaridin**

**Lwil sitwon ekaliptis [Oil of lemon
eucalyptus (OLE)] ou paramantàndyòl
[para-menthane-diol (PMD)]**

IR3535

Egzanp kèk mak komèsyal*

Off!, Cutter, Sawyer, Ultrathon

Cutter Advanced, Skin So Soft Bug Guard Plus,
Autan (deyò Etazini)

Repel

Skin So Soft Bug Guard Plus Expedition, SkinSmart



*Nou mete non mak komèsyal pwodwi pou pouse marengwen sa yo sèlman pou ba ou enfòmasyon. Sant Pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (The Centers for Disease Control and Prevention) ak Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Imen (U.S. Department of Health and Human Services) pa kapab rekòmande oswa pwomouvwa okenn pwodwi mak komèsyal.



Pa kite marengwen mòde ou menm ak fanmi ou (swivi)



- ◆ Toujou swiv enstriksyon nan etikèt pwodwi a.
- ◆ Re-mete pwodwi pou pouse marengwen chak detwa èdtan, selon pwodwi a ak degre ou chwazi a.
 - » Pa flite pwodwi pou pouse marengwen sou po ou anba rad.
 - » Si w ap itilize krèm solèy tou, mete krèm nan avan epi mete pwodwi pou pouse marengwen an apre.

Fason natirèl pou pouse marengwen (pwodwi ki pa anrejistre ak EPA)

- ◆ Nou pa konnen nivo pwodwi pou pouse marengwen ki pa anrejistre ak EPA, ak kèk pwodwi natirèl pou pouse marengwen, mache byen.
- ◆ Pou pwoteje tèt ou kont maladi tankou chikoungounya, lafyèv deng, ak Zika, CDC ap EPA rekòmande ou itilize yon pwodwi pou pouse marengwen ki anrejistre nan EPA.
- ◆ Lè nou itilize yo jan yo di a, pwodwi pou pouse marengwen ki anrejistre nan EPA yo sennesòf ak efikas.
- ◆ Pou plis enfòmasyon: www2.epa.gov/insect-repellents

Si ou gen yon tibebe oswa timoun piti



- ◆ Toujou swiv enstriksyon yo lè w ap mete pwodwi pou pouse marengwen sou timoun.
- ◆ Pa mete pwodwi pou pouse marengwen sou tibebe ki poko gen 2 mwa.
- ◆ Abiye pitit ou ak rad ki kouvri bra ak janm li, oswa
- ◆ Kouvri bèso, pousèt, ak kote ou pote bebe ou ak moustikè.
- ◆ Pa mete pwodwi pou pouse marengwen nan men, zye, bouch yon timoun ak kote li blese oswa po li irite.
 - » Granmoun: Flite pwodwi pou pouse marengwen nan men ou epi pase li nan figi timoun nan.
- ◆ Pa mete Lwil sitwon ekaliptis [Oil of lemon eucalyptus (OLE)] ou paramantàndyòl [paramenthane-diol (PMD)] sou timoun ti poko gen 3 zan.

Trete rad ak materyèl



- ◆ Trete bagay tankou bòt, pantalon, chosèt, ak tant ak pèmetren oswa achte rad ak materyèl ki trete ak pèmetren.
 - » Rad ki trete ak pèmetren ap pwoteje ou menm apre ou lave li plizyè fwa. Gade enfòmasyon sou pwodwi a pou konnen konbyen tan pwoteksyon an ap dire.
 - » Si w ap trete rad yo ou menm, swiv enstriksyon yo.
 - » Pa mete pwodwi pèmetren dirèkteman sou po ou.

Pa kite marengwen antre lakay ou



- ◆ Mete twil sou fenèt ak pòt yo. Repare twou nan twil yo pou marengwen pa ka antre.
- ◆ Itilize klimatizè lè li disponib.
- ◆ Pa kite marengwen ponn ze kote dlo chita oswa tou pre dlo ki chita.
 - » Yon fwa pa semèn, vide epi foubi, vire tèt anba, kouvri, oswa jete bagay ki kenbe dlo, tankou kawoutchou, bokit, po, jwèt, pisin, kote pou tizwazo benyen, po flè, oswa poubèl. Gade anndan ak deyò kay ou.